



Pou Piblikasyon Imedya: 12/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE RE-OUVÈTI WOUT HUDSON VALLEY A APRE INONDASYON ISTORIK LA EPI KONSEYE NOUYÒKÈ YO KONSÈNAN LÒT CHIT LAPLI SEMÈN SA A

Kèk pòsyon nan U.S. Route 9W, U.S. Route 6, ak State Route 32 prevwa re-ouvri jodi a apre travay 24 sou 24 ekip DOT Eta a, kontraktè yo

Netwayaj ak rekiperasyon an kontinye nan tout Eta a, pandan ajans k ap reponn yo ap siveye depre previzyon metewo yo pou jedi jiska lendi

Potansyèl pou 2-3 pous lapli anplis jedi rive vandredi ka afekte zòn k ap rekipere kounye a apre inondasyon ki sot pase a

Alèt pou inondasyon an anvigè jiska jedi pou kèk pati nan Konte Clinton, Essex, Lewis, Cayuga, Oswego, Ontario, Wayne, Hamilton, Herkimer, Saratoga, Warren, ak Konte Washington

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a re-ouvèti wout prensipal Hudson Valley yo ki te fèmen nèt oswa pasyèlman apre lapli istorik ak inondasyon devastatè ki te afekte Eta New York dimanch ak lendi. Gras a travay 24 sou 24 ekip Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) ak kontraktè yo nan Eta a, yo prevwa kèk pati nan US Route 9W, US Route 6, ak State Route 32 pral re-ouvri pou vwayaj veyikil jodi a. Travay reparasyon yo te gen ladann retire pyebwa ak debri, frezaj pavaj wout ak pavaj kote sa nesèsè, ak reparasyon drenaj. Yo prevwa lòt wout yo pral ouvri nan jou k ap vini yo pandan efò netwayaj ak reparasyon yo ap kontinye.

Anplis de sa, Gouvènè Hochul te ankouraje Nouyòkè yo pou yo prepare pou posiblite pou gen plis tanpèt loraj ak gwo lapli semèn sa a, sitou jedi ak vandredi. Alòske total chit lapli prevwa pa atenn kantite Nouyòkè ki te fè fas ak li nan kòmansman semèn sa a, yo prevwa yon lòt de a twa pous lapli ka lakòz plis inondasyon toudenkou nan kèk zòn ki gen tè ki satire ak nivo dlo ki pi wo. Gouvènè Hochul te mande Ajans Eta yo ki enplike nan repons tanpèt semèn sa a pou yo rete vijilan epi prepare pou lòt enpak yo.

"Okenn moun pa reziste kont yon tanpèt tankou Nouyòkè yo, epi rekiperasyon rapid apre inondasyon istorik semèn sa a fè sa vin pi klè pi plis toujou", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan ke gen anpil wout pou nou franchi, reprann wout Hudson Valley sa yo

se yon gwo etap ki te posib gras ak efò san pran souf ekip otowout nou yo ak kontraktè yo k ap travay 24 sou 24. Mwen vle voye remèsiman sensè mwen bay tout moun ki te mobilize pou ede Nouyòkè parèy yo travèse tanpèt istorik sa a."

Wout yo prevwa k ap re-ouvri jodi a gen ladan:

- US Route 6/202 (Bear Mountain Bridge Road) pral re-ouvri nan toude direksyon ant Route 9D ak U.S. Route 9 nan Vil Cortlandt, Konte Westchester. Chofè yo p ap kapab travèse Bear Mountain Bridge pou antre Rockland County.
- U.S. Route 9W pral re-ouvri nan toude direksyon ak liy ki redui nan zòn ki ant Cornwall ak antre Stony Lonesome Gate la nan West Point/Mountain Ave. Sa a anglobe 7.7 km wout ki gen ladan gwo antre nan West Point soti nan nò a, k ap retabli wout banlye prensipal la.
- State Route 32 nan Trout Brook Road, Vil Woodbury, Konte Orange pral re-ouvri ak yon liy sikilasyon altènatif atravè yon siyal tanporè.

Wout sa yo re-ouvri:

- State Route 104 nan Konte Oswego te re-ouvri ak sikilasyon altènatif nan yon sèl sens
- Route 30/28N soti nan Blue Mountain Lake rive nan Long Lake nan Konte Hamilton re-ouvri
- Route 30 soti nan Long Lake (Konte Hamilton) rive nan liy Konte Franklin an re-ouvri

Depatman Transpò Eta a gen plis pase 3,480 sipèvizè ak operatè ki disponib nan tout eta a, ki gen ladan plis pase 540 nan rejyon Hudson Valley. Anplwaye y ap evalye aktivman domaj yo epi y ap travay pou pèmèt wout eta yo ouvri pi vit posib. Pon State Route 9W lan sou Popolopen Creek nan Vil Highlands, Konte Orange, kounye a fèmen pandan enjenyè eta yo ap kontinye evalye domaj yo epi devlope yon estrateji pou re-ouvri pon an pi vit posib.

Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare, "Mwen trè fyè epi mwen enfiniman rekonesan pou fanm ak gason ki devwe nan Depatman Transpò Eta New York la k ap travay san pran souf pou refè enfrastrikti transpò eta nou an ouvri. Epi pandan ke gen yon kantite travay siyifikatif ki devan nou, mwen pa gen okenn dout ke yo pare pou defi a epi yo pral kontinye fè efò jiskaske travay la fini."

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la (Division of Homeland Security and Emergency Services), Jackie Bray, te deklare, "Pandan ke pwochen sistèm sa a pa prevwa entans ke sa nou te wè nan kòmansman semèn sa a, inondasyon toudenkou kontinye reprezante yon menas reyèl pou Nouyòkè yo, paske tè a rete satire. Pandan ekip nou an ap kontinye travay men nan men ak patnè lokal nou yo sou operasyon rekiperasyon yo, li enpòtan pou Nouyòkè yo nan pati lès eta a pa bese gad yo nan jou k ap vini yo epi pran mezi ki nesèsè pou kenbe tèt yo ak fanmi yo an sekirite."

Ant dimanch ak lendi, yo te rapòte plis pase uit pous lapli nan kèk pati nan rejyon Mid-Hudson (Konte Orange), epi yo te rapòte plis pase senk pous lapli nan rejyon Finger Lakes (Konte Ontario). Ant lendi ak madi, kèk pati nan North Country (Konte Hamilton) te wè plizyè pous lapli nan yon peryòd tan ki kout. Lapli sa a te lakòz inondasyon devastatè ki te fèmen wout yo ak domaje enfrastrikti atravè rejyon ki afekte yo.

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta New York la gen Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management, OEM) ak Biwo pou Prevansyon ak Kontwòl Ensandi (Office of Fire Prevention and Control, OFPC), ak ekip sou teren pou Rekiperasyon Dezas k ap fè evalyasyon domaj ak enspeksyon sekirite nan kominote ki afekte yo. Gouvènè Hochul ak DHSES te an kontak ak ofisyèl federal yo konsènan nesèsite pou yon Deklarasyon pou Katastwòf Majè pou bay gouvènman lokal yo ranbousman federal.

Yon Alèt pou Inondasyon an anvigè kounye a jiska jedi pou tout pati nan Konte Clinton, Essex, Lewis, Cayuga, Oswego, Ontario, Wayne, Hamilton, Herkimer, Saratoga, Warren, ak Konte Washington. Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt ak previzyon meteyo yo, vizite sit entènèt Sèvis Meteyowolojik Nasyonal (National Weather Service) la nan <https://alerts.weather.gov>.

Nou ankouraje Nouyòkè yo pou enskri pou alèt ijans Eta lè yo abone nan Alèt NY nan alert.ny.gov, yon sèvis gratis ki bay enfòmasyon ijans gratis sou telefòn ak òdinatè ou.

Fèmti wout aktyèl yo

Hudson Valley:

- State Route 218 fèmen nan toude direksyon ant Otowout Storm King ak liy Vil Cornwall/Vil Highlands, Vil Cornwall, Konte Orange
- Palisades Parkway fèmen nan toude direksyon ant sòti 14 ak 18, Vil Highlands, Konte Rockland
- U.S. 6 fèmen nan toude direksyon ant NY 293 ak Palisades Parkway Ramp, Woodbury, Konte Orange
- U.S. 9W fèmen nan direksyon sid nan nò Soti NY 218, Highlands, Konte Orange.

- U.S. 9W fèmèn nan toude direksyon nan Old State Rd, Highlands, Konte Orange.
- U.S. 9W fèmèn nan direksyon nò nan Bear Mountain Circle, Highlands, Konte Orange.
- U.S. 9W fèmèn nan toude direksyon ant Seven Lakes Drive ak S Entrance Road, Stony Point, Konte Rockland
- U.S. 9W fèmèn nan toude direksyon nan Mine Dock Rd, Highlands, Konte Orange.
- Palisades Parkway fèmèn nan direksyon sid ant U.S. 9W; U.S. 6; wout final ak Soti 15; Old Gate Hill Road; County Route 10, Highlands, Konte Orange
- State Route 980U fèmèn nan direksyon nò ak sid ant U.S. 9W ak State Route 218, Highlands, Konte Orange.
- State Route 292 fèmèn nan toude direksyon ant State Route 292; State Route 311; State Route 55, Patterson, Konte Putnam
- State Route 17 fèmèn nan direksyon lès nan ranp Soti 130A, Woodbury, Konte Orange
- State Route 448 fèmèn nan toude direksyon North Broadway, Mount Pleasant, Konte Westchester

Adirondacks yo

- State Route 28N fèmèn nan toude direksyon ant Long Lake rive nan Liy Konte Essex la, Konte Hamilton

New York Santral

- State Route 69A fèmèn nan direksyon nò ant State Route 69 ak U.S. 11, nan Parish, Konte Oswego

Konsèy Sekirite pou Move Tan

Founiti nan Ka Katastwòf

- Kenbe twous katastwòf la sou men, avèk ladan:
- Flach ak pil siplemantè
- Radyo ki fonksyone ak batri ak batri ekstra yo
- Twous premye swen ak manyèl
- Manje ak dlo pou ijans
- Kle ki pa elektrik pou ouvri kanèt yo
- Medsin esansyèl yo
- Chekye, lajan kach, kat kredi, kat ATM

Inondasyon Eklè

- Pa janm eseye kondi nan yon wout ki inonde. Vire tounen epi fè yon lòt wout.
- Si dlo a kòmanse monte rapid bò kote ou, abandone machin lan imedyatman.
- Pa souzestime pwisans destriksyon dlo k ap kouri vit. De pye dlo inondasyon k ap kouri rapid pral fè machin ou flote epi dlo k ap kouri ak yon vitès 3.2 kilomèt pa èdtan ka pote ale machin ki sou wout oswa sou yon pon.

Zeklè

- Swiv enstwiksyon 30-30: Si tan ant moman ou wè ekla zeklè an epi koute kout loraj la se 30 segonn oswa mwens, kout zèklè an pre ase pou li frape ou. Chèche abri imedyatman. Apre dènye ekla zeklè an, rete tann 30 minit anvan ou soti nan abri ou an.
- Kout zèklè yo frape bagay ki pi wo an. Si ou sou yon liy pye bwa, kouri ale anba l epi kwoupi si ou nan yon zòn ki ekspoze.
- Si ou pa kapab ale nan yon abri, rete lwen pye bwa yo. Si pa gen abri, kwoupi nan zòn ki ekspoze, epi rete lwen a yon distans doub fwa longè pye bwa a.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou preparasyon pèsònèl ak kijan pou rete an sekirite pandan move tan vizite: <https://www.dhSES.ny.gov/safety-and-prevention>.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418